МКОУ «Кокрекская СОШ» РД

«Согласовано»
зам. директора по УВР
_______________ Алиев А.Н.
«30» августа 2017 г.

«Утверждено»
Директор МКОУ «Кокрекская СОШ»
_______________ Омаров Х. Н.
«30» _______________ 2017 г.

# 9 КЛАССАЛЪУЛ АВАР МАЦIАЛЪУЛ ХIАЛТIУЛ ПРОГРАММА.

(Учебник : М.М.МуртазагIалиев)

СагIтазул къадар: 68

Анкъида жаниб сагIтазул къадар: 2

Авар мацIалъул ва адабияталъул мугIалим:

Юнусова Муъминат Гаджиевна

# Баяналъул кагъат.

*ХӀалтӀул программа гӀуцӀун буго гьоркьохъеб школалъул авар мацӀалъул программаялъул кьочӀодалъун.*
*Авар мацӀалъул программаялъул автор: ХӀасанов А. Гь.*
*Дагъистан Республикаялъул лъайкьеялъул министерстволъ тасдикъ гьабураб.*
*МахӀачхъала: НИИ педагогикаялъул издательство.*
*Авар мацӀалъул тематикияб план гӀуцӀун буго учебникалдаса «Авар мацӀ 8-9 кл.».*
*Автор: М.М. МуртазагӀалиев.*
*Махачкала: издательство НИИ педагогики.*
***Программаялда бихьизабун буго 68 сагӀат.***
***Калам цебетӀезаби: 18 сагӀат.***

## СагӀтазул рикьи:

### Такрар гьаби (2 с.)

### Жубараб предложение (1 с.)

### Журарал сокӀкӀарал предложениял (3 с.)

1. Журарал сокӀкӀарал предложениязул хӀакъалъулъ гӀаммаб баян. Цолъизарул, дандеккунгутӀиялъул, гьоркьоса рахъиялъул союзалгун журарал сокӀкӀарал предложениял. Журарал сокӀкӀарал предложениязулъ лъалхъул ишараби.
2. ГӀадаталги жураралги предложениял ратӀа гьаризе бажари. ГӀадатал предложениял журараллъун лъугьинаризе бажари. Журарал сокӀкӀарал предложениязул бутӀабазулъ сокӀкӀиналъул союзал хӀалтӀизаризе ругьун гьари. Журарал сокӀкӀарал предложениял букӀине кколеб интонациялдалъун цӀализе ругьун гьари.

### СоюзрагӀабигун журарал нахърилълъарал предложениял (4 с.)

1. Жубараб нахъбилълъараб предложениялъул хӀакъалъулъ гӀаммаб баян. БетӀераб ва тӀаджубараб предложение. НахърилълъиналЪул союзрагӀабигун бугеб жубараб нахъбилълъараб предложение. Нахърилълъиналъул союзрагӀабигун бугеб жубараб нахъбилълъараб предложениязул бутӀабазулъ магӀнаялъулъ рекъон кколел союзрагӀаби хӀалтӀизаризе ругьун гьари. Нахърилълъиналъул союзрагӀабигун ругел журарал нахърилълъарал предложениял жиндирго каламалъулъ хӀалтӀизаризе лъай.

### Нахърилълъиналъул союзрагӀабиги гьечӀого журарал нахърилълъарал предложениял ва гьезул гӀуцӀи (16 с.)

1. ТӀаджурарал предложениязул аслиял тайпаби ва гьезул сказуемолъун кколел формаби:
   Подлежащеелъун тӀаджубараб предложение.
   БитӀараб дополнениелъун тӀаджубараб предложение.

Хъвалсараб дополнениялъун тIаджубараб предложение.
Определениялъун тIаджубараб предложение.
Цо чанго тIаджубарабгун бугеб жубараб нахъбилълъараб предложение. Гъелъул гIуцIи ва лъалхъул ишараби.
ХIаллъун тIаджурарал предложениял.
Ишалъул куцлъун тIаджубараб предложение.
Заманлъун тIаджубараб предложение.
ГIилла-мурадлъун тIаджубараб предложение.
ШартIияб тIаджубараб предложение.
Уступительнияб тIаджубараб предложение.
Нахърилълъиналъул союзрагIаби гьечIого жубараб нахъбилълъараб предложениялъулъ лъалхъул ишараби.

2. БетIерабги тIаджубарабги предложение, интонацияги цIунун, пасихIго цIализе ругьун гьари. Нахърилълъиналъул союзрагIабиги гьечIого журарал нахърилълъарал предложениял жидерго каламалъулъ хIалтIизаризе, гьел гIуцIизе ва гьезулъ лъалхъул ишараби лъезе цIалдохъаби ругьун гьари.

## Союзал гьечIел журарал предложениял (7с.)

1. Союзал гьечIел журарал предложениязулъ ругел бутIабазул цоцаздехун бугеб гьоркьоблъи. Союзал гьечIел журарал предложениязулъ лъалхъул ишараби.
2. Союзал гьечIел журарал предложениял, интонацияги цIунун,цIализе ругьун гьари. МагIнаялъулъ рекъон кколел союзал ялъуни союзрагIабиги лъун, союзал гьечIел журарал предложенияздаса журарал сокIкIарал ва нахърилълъарал предложениял лъугьинаризе бажари.

## БитIараб ва хъвалсараб калам (8 с.)

1. БитIараб каламгун предложениял ва гьенир лъалхъул ишараби. БитIараб каламалда ва авторасул рагIабазда гьоркьоб бугеб бухьен. Хъвалсараб каламгун предложение. БитIараб калам хъвалсаралдалъун хиси. Диалог. Цитатал ва гьенир лъалхъул ишараби.
2. БитIараб каламгун предложение гIуцIизе ругьун гьари. БитIараб калам хъвалсаралде сверизабизе ругьун гьари.

## МацIалъул хIакъалъулъ гIаммал баянал (3с.)

БухЪеналъул алат хIисабалда мацI.
ЦебетIолеб лъугьа-бахъин хIисабалда мацI.
Аваразул литературияб мацI ва гьелъул диалектал.

## Такрар гьаби (4с.)

**9 классалда щибаб четверталда гьарулел батIи-батIиял хъвавул хIалтIабазул къадар.**

| Четверть. | I | II | III | IV |
|---|---|---|---|---|
| Диктант. | | | | 1 |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Контролияб диктант. | 1 | 1 | 1 | 1 |
| Изложение. | 1 | 1 | | 1 |
| Сочинение. | 1 | | 1 | 1 |

| | РагIи |
|---|---|
| Диктант. | 130-140 |
| Словарияб диктант. | 30-35 |
| Изложение. | 300-400 |
| Сочинение. | 180(тIанчил гьум. 2,5-3,5) |

## Къиматал лъезе чIезарурал нормаби.

### Диктантазе къимат лъолеб куц.

| | |
|---|---|
| «5» | къимат лъола гъалатI гьечIеб хIалтIуе. Гьеб къимат лъолеб диктанталда букIине бегьула битIунхъваялъулъ биччараб 1 сакъат (гьитIинаб гъалатI) яги лъалхъул ишараби лъеялъулъ ккараб 1 гIунгутIи. |
| «4» | къимат лъола битIунхъваялъулъ 2 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 2 гъалатI бугеб, яги битIунхъваялъулъ 1, лъалхъул ишарабазулъ 3, яги битIунхъваялъулъ цониги гъалатIги гьечIеб, лъалхъул ишарабазулъ 4 гъалатI биччараб диктанталъе. Лъезе бегьула битIунхъваялъулъ цого тайпаялъул 3 гъалатI ккун батани. |
| «3» | къимат лъола битIунхъваялъулъ 4 ва лъалхъул ишараби лъеялъул 4 гъалатI батараб диктанталъе, яги битIунхъваялъулъ 3 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 5, яги битIунхъваялъулъ цониги гъалатI гьечIеб, лъалхъул ишараби лъеялъулъ 7 гъалатI ккараб хIалтIуе. |
| «2» | къимат лъола битIунхъваялъулъ 6 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 8, яги битIунхъваялъулъ 5 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 9, яги битIунхъваялъулъ 8 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 6 гъалатI биччараб диктанталъе. |
| «1» | къимат лъола кIийилаб къиматалъе рихьизарураздаса цIикIкIун гъалатIал ругеб диктанталъе. |

Диктанталъе гъалатIал рикIкIунеб чанго батIияб къагIида бихьизабун буго. Амма щибаб къиматалъе гъалатIазул гIурхъи чIезабун буго. «4» къиматлъе гьединаб гIурхъилъун ккола битIунхъваялъул 2 гъалатI, «3» къиматалъе 4 битIунхъваялъул гъалатI, (5 классалъе битIунхъваялъул 5 гъалатI) , «2» къиматалъе 7 битIунхъваялъул гъалатI. Гьеб чIезабураб гIорхъодаса гъалатIазул къадар тIаде ани, рехсарал къиматал лъезе бегьуларо.

### Грамматикиял тIадкъаял тIуразариялъе къиматал лъолеб куц:

| | |
|---|---|
| «5» | къимат лъола, гъалатI гьечIого, киналго тIадкъаял тIуран ратани. |
| «4» | къимат лъола, киналго тIадкъаязул ункъилъа лъабил бутIа (3/4) битIун гьабун батани. |
| «3» | къимат лъола, бащадалниги тIадкъаял битIун гьарун ратании. |

| | |
|---|---|
| «2» | къимат лъола, бащадалдаса дагь гурони, битIун тIурараазул тIадкъаял ратичIони. |
| «1» | къимат лъола, цIалдохъанас цониги тIадкъай тIубан батичIони. |

Контролияб словарияб диктанталъе къиматал лъолеб куц:

| | |
|---|---|
| «5» | къимат лъола гъалатI гьечIеб диктанталъе |
| «4» | къимат лъола 1-2 гъалатI биччан батараб диктанталъе. |
| «3» | къимат лъола 3-4 биччан батараб диктанталъе. |
| «2» | къимат лъола 5-ялдаса 7-ялде щвезегIан гъалатIал ккун ратани. |
| «1» | къимат лъола 7-ялдаса цIикIкIун гъалатI биччан батани. |

## Сочинениязе ва изложениязе къимат лъолеб куц.

| Къима-тал | ХIисабалде росизе кколел аслиял рахъал | |
|---|---|---|
| | МагIна ва калам гIуцIи | БитIунхъвай |
| «5» | Къураб темаялдаса къуричIеб хIасилалъул хIалтIи. МагIнаялъулъ гъалатI гьечIолъи. Планалда рекъараб, гьеб гьечIогоги, хадуб цебе рекъон бачIараб магIна букIин. ХIалтIи букIине ккола бечедаб, лексикаялъул, рагIи херхиналъул рахъалъ мухIканаб, предложениязул гIуцIиялъул ва гьел дандраялъул рахъалъан батIи-батIияб ресаздаса пайда босараб. Текстальул мацIалъул букIуна дуруслъи ва гIураб пасихIлъи. БукIине бегьула магIнаялъулъ 1 сакъатги, калам гIуцIиялъулъ 1-2 гIунгутIиги. | БукIине бегьула 1 битIунхъваялъул, яги 1 лъалхъул ишараби лъеялъул, яги 1 грамматикияб гъалатI. |
| «4» | Къураб темаялдаса дагьа-макъабго гурони къури гьечIеб магIнаялъул хIалтIи. Аслияб къагIидаялъ хIасил битIарабги букIун, магIнаялъулъ цо-цо сакъат ккараб. Хъвараб жо хадуб-цебе рекъон бачIиналъулъ дагьа-макъал гIунгутIаби ругеб. Калам гIуцIизе рагIул бечелъиялдаса ва грамматикиял къагIидабаздаса гIураб къадаралда пайда босараб. Бицунеб жоялда мухIканаб рекъараб литературияб мацI букIин. Гьениб ккун букIине бегьула магIнаялъулъ 2 сакъат, калам гIуцIиялъулъ 3-4 гIунгутIи. | БукIине бегьула битIунхъваялъул 2, лъалхъул ишараби лъеялъул 2 гъалатI, яги битIунхъваялъул 1 ва лъалхъул ишарабазул 3, яги битIунхъваялъул гъалатI гьечIеб, лъалхъул ишараби лъеялъулъ 4 гъалатI, гьединго 2 грамматикияб гъалатIги. |
| «3» | ХIасил къураб темаялдаса лъикIго къуризе биччан бугеб. Аслияб къагIидаялъ хIасил битIараб бугони, магIнаялъулъ гIунгутIаби риччараб. Хадуб-цебе рекъон бачIиналъулъ цо-цо сакъатал ругеб. Мукъсанаб лексикаялъул, цого тайпаялъул предложениздаса данде гьабураб хIалтIи батани, мекъи рагIаби хIалтIизариялъул хIужжаби дандчIвалеб. МацIалъул рахъалъан дуруслъи, мухIканлъи цIунизе кIвечIеб. Хъвалеб жоялъул магIнаялъулъ 4 сакъат ва калам гIуцIиялъулъ 5 | БукIине бегьула битIунхъваялъул 4, лъалхъул ишараби лъеялъул 4 гъалатI, яги битIунхъваялъул 3 ва лъалхъул ишараби лъеялъул 5 гъалатI, яги битIунхъваялъул гъалатIги гьечIого, лъалхъул ишараби лъеялъул 7 гъалатI(5 кл.: битIунхъваялъул 5 ва лъалхъул ишараби лъеялъул 4 гъалатI, гьединго |

| | | |
|---|---|---|
| | гІунгутІи ккун букІине бегьула. | грамматикияб 4 гъалатІ). |
| «2» | Къураб темаялда данде кколареб хІасилалъул хІалтІи. МагІнаялъулъ гІемерал гІунгутІаби риччараб. Хъвараб жоялъул киналго бутІабазда гьоркьоб хадуб-цебе рекъон бачІиналъул тартиб гьечІеб, текст планалда данде кколареб. ЦІакъго мукъсанаб лексикаялъул, къокъал, цого тайпаялъул, цоцаздехун загІипаб гурони бухьен гьечІел предложениялдасан гІуцІараб, мекъи хІалтІизарурал рагІаби ругеб хІалтІи. Текстальул магІнаялда рекъараб мацІ гьечІеб. МагІнаялъулъ 6 ва калам гІуцІиялъулъ 7 гІунгутІи ккун букІине бегьула. | Бичча букІине бегьула битІунхъваялъул 7 ва лъалхъул ишараби лъеялъул 7 гъалатІ, яги битІунхъваялъул 6 ва лъалхъул ишараби лъеялъул 8, яги битІунхъваялъул 5, лъалхъул ишараби лъеялъул 9 гъалатІ. |
| «1» | ЦІалдохъанас хъвараб хІалтІулъ биччан бугони магІнаялъулъ 6-ялдаса цІикІкІун ва калам гІуцІиялъулъ 7-ялдаса цІикІкІун гъалатІ. | Биччан батани 7-ялдаса цІикІкІун битІунхъваялъул ва 7-ялдаса цІикІкІун лъалхъул ишарабазул ва 7 грамматикияб гъалатІ. |

**Баян.** 1. Мисалияб къадаралдаса сочинение 1,5-2 нухалъ кІудияб яги гьитІинаб бугони, битІунхъваялъе «4» къимат лъолелъул цо, «3» къимат лъолелъул кІиго гъалатІ тІаде жубала яги тІаса бахъула. Масала, «4» къимат лъола битІунхъваялъул 3, лъалхъул ишараби лъеялъул 2, грамматикаялъул 2 гъалатІ батани, яги гьебго тартибалда:2-3-2, 2-2-3, «3» къимат лъола битІунхъваялъул 6, лъалхъул ишараби лъеялъул 4, грамматикаялъул 4 гъалатІ бугони, яги гьебго тартибалда гьадинаб къадаралъул гъалатІал ратани:4-6-4,4-4-6.
2. КъучІаб, жиндирго пикруялда берцинаб литературияб мацІалъ цІалдохъанас гъваридаб магІнаялъул сочинение хъван батани, учителас цо ракъаналъ цебесеб (ай адабияталъе лъолеб) къимат тІаде бачине бегьула.
3. ХІасилалъухъ ва калам гІуцІиялъухъ лъикІаб къимат лъезе рес гьечІо, сочинениялъул тема рагьун батичІони, гьелъул цогидал рахъал рагьунел ругониги.

**Ругьунлъиялъул хІалтІабазе къимат лъолеб куц.**

Контролиял хІалтІабазда дандеккун, ругьунлъиялъул диктантазе ва цогидалги батІи-батІиял хъвавул хІалтІабазе къимат лъола дагьаб къваризабун.
Ругьунлъиялъул хІалтІабазе къимат кьолелъул хІисабалде босула:

1) Живго жиндаго чІун цІалдохъанасухъа бажарараб жо;
2) Малъараб материал бичІчІун бугеб куц;
3) ХІалтІул кІодолъи-гьитІинлъи.

*Ккезе бегьулел гъалатӀазде цебеккунго лъималазул кӀвар буссинабун бугони, «5», «4» къиматал лъола цониги гъалатӀ гьечӀеб, ккараб жинцаго битӀизабураб хӀалтӀиялъе. Гьезда гьоркъосанги цояб къимат тӀаса бищи бараб буго хӀалтӀул бацӀцӀалъиялда, хатӀалъул берцинлъиялда.*

*Диктанталдаса кӀудияб ругьунлъиялъул хӀалтӀуе «4» къимат лъезе бегьула, 1-2 гъалатӀ ккунги букӀун, гьелги жинцаго ритӀизарун ратани. Классалда букӀа, рокъоб букӀа цӀалдохъанас хъвараб ругьунлъиялъул хӀалтӀухъ хал гьабула, гьелъие къимат лъей-лъунгутӀи живго учителасул иш буго: кӀвар бугелъе лъела, гьечӀеб бер щвезабун тезеги бегьила. Ккезе бегьулел гъалатӀазде цебеккунго лъималазул кӀвар буссинабичӀого, тӀубанго жалго жидедаго чӀун, цӀалдохъабаз хъварал хӀалтӀабазе къимат лъола гьеб тайпаялъул контролиял хӀалтӀабазе чӀезарурал нормабазда рекъон.*

# Авар мацӀалъул
# ва адабияталъул
# 9 классалъул
# тематикияб план.

*IX классалъул цIалдохъабазул лъаялдехун*
*ва бажариялдехун ругел аслиял тIалабал.*

***ЦIалдохъабазда лъазе ккола:***

- *журарал предложениязул синтаксияб разбор гъабизе;*
- *батIи-батIиял тайпаялъул журарал предложениял данде гъаризе;*
- *битIараб калам хъвалсаралде сверизабизе.*

***ЦIалдохъабазда бажаризе ккола:***
***Пунктуациялъул рахъалъан:***

- *жубараб сокIкIараб предложениялъул бутIабазда гьоркьоб запятая лъезе;*
- *жубараб предложениялъул бетIераб ва тIаджубараб бутIаялда гьоркьоб кколелъуб запятая лъезе;*
- *союз гьечIеб жубараб предложениялъулъ хIажатал лъалхъул ишараби лъезе;*
- *IX классалда лъазарурал пунктограмаби ратизе ва лъалхъул ишарабазе баян кьезе.*

***Калам гIуцIиялъул рахъалъан:***

- *цо чIараб темаялъул хIакъалъулъ кIудияб асаралъул тIасарищарал бакIал рицине;*
- *2-3 асаралда тIасан доклад хIадур гьабизе;*
- *гьитIинаб ялъуни кIудияб макъалаялда тIасан конспект, ялъуни тезисал хIадуризе;*
- *жалго жидедаго чIун, тIасабищараб темаялда тIасан публицистияб стилалъул сочинение хъвазе;*
- *гIарза ва автобиография хъвазе;*
- *мацIалъул ва магIнаялъул рахъалъан сочинение камиллъизабизе.*

***Орфоэпиялъул рахъалъан:***

- *кIалзул калам литературияб норма цIунараб ва диалектаздаса бацIцIадаб букIинабизе.*

# Авар мацI

| № | Дарсил тема | Дарсида гьабулеб хIалтIул система | Словарияб хIалтIи | р/хI | КЪО МОц1 | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 8 кл. малъараб материал такрар гьаби. | РагIабазул дандраял такрар гьаризе. | | | 01.09 | |
| 2 | 8 кл. малъараб материал такрар гьаби. | ГIадатал предложениязул тайпаби такрар гьаризе. | | | 04.09 | |
| 3 | БитIараб каламгун предложениял ва гьенир лъалхъул ишараби. | ХI. 163 бицун тIубазе, хI. 162 хъвазе | Аваданлъи. | §41 схемаялда рекъон предл. ур. **А:→ «Б». «Б?»-а. «Б,-а,-б». «Б!»-а.Б».** | 08.09 | |
| 4 | **Диктант (грамм. тIадкъ.)** | | | | 11.03 | |
| 5 | БитIараб каламгун предложениял ва гьенир лъалхъул ишараби. | ХI. 164 хъвазе. | | ХI. 165. | 18.09 | |
| 6 | Хъвалсараб каламгун предложение. БитIараб калам хъвалсаралдалъун хиси. | | | | 22.09 | |
| 7 | **Калам цебетIезаби.** **Изложение «ХIайран гьаруллеб гьунар».** | ХI. 168 бицун тIубазе, хI. 169 хъвазе | | §43 | 25.09 | |
| 8 | БитIараб калам хъвалсаралдалъун хиси. | Карточкабигун хIалтIи | | §43 прел-ял къезе битI. калам хъв-н хисизе. | 29.09 | |
| 9 | Диалог. | ХI. 167 хъвазе | Парторг | Диалог ургъизе. | 02.10 | |
| 10 | Цитатал ва гьенир лъалхъул | ХI. 170 хъвазе тIехьалда гьечIел | | §44 | 04.10 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | ишараби. | циматал мисалалъе рачине. | | | | |
| 11 | Калам цебетIезаби.<br>Сочинение «МугIрул улка». | Мисалалъе гьеб темаялда рекъон сочинение цIализе, кумекалъул суалал хIадур гьари. | | | 09.10 | |
| 12 | Жубараб предложение. | ХI. 172 хъвазе | ТIарих, наслу | Журарал предл. ургъизе. | 11.10 | |
| 13 | Журарал сокIкIарал предложениял. Союзалгун ругел журарал сокIкIарал предложениял. | ХI.173 бицун тIубазе, хI.175 хъвазе | КIаркъен | §45 х1.177 | 16.10 | |

| № | Дарсил тема | Дарсида гьабулеб хIалтIул система | Словарияб хIалтIи | р/хI | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 14 | Союзалгун ругел журарал сокIкIарал предложениял. | ХI. 174, 176 хъвазе | Щуб, ругъун, махIаби, аманат | §45 хI. 179 | 18.10 | |
| 15 | Контролияб диктант. | | | | 23.10 | |
| 16 | Союзалгун ругел журарал сокIкIарал предложениял. Тест. | ХI. 178 хъвазе | | Предл. ургъизе. | 25.10 | |
| 17<br>II ч. | Союзал гьечIел журарал предложениял. | ХI. 180 хъвазе | Зани, асир, аманат. | §46 | 06.11 | |
| 18 | Союзал гьечIел журарал предложениял. | Лъималаз жидецаго ургъила союз гьечIел журарал предложениял | | §46 | 08.11 | |
| 19 | Калам цебетIезаби.<br>ЦIалараб асаралъе къимат къей.<br>(отзыв о прочитан. произведение) | | | | 13.11 | |
| 20 | Союзал гьечIел журарал предложениялъуль запятая ва тIанкIгун запятая. | ХI. 181 хъвазе | Партал, кIамури, тIокъо, чIалу, гIомо, руцIизе, рагъумахIи | §47 | 15.11 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 21 | Союзал гьечIел журарал предложениялъулъ запятая ва тIанкIгун запятая. | ХI. 182 хъвазе | Карпатал, рецIел, гьалгъезе, гIалах, ризаб, рагI-мач, кIвекIизе. | §47 хI. 183 | 20.11 | |
| 22 | Диктант (грамм. тIадкъ.) | | | | 22.11 | |
| 23 | Союз гьечIеб жубараб предложениялъулъ кIиатIанкI. | ХI. 184 хъвазе | лозунг | §48 хI. 185 | 27.11 | |
| 24 | Союз гьечIеб жубараб предложениялъулъ кIиатIанкI. | «Дир гьудуллзаби» абураб темаялда рекъон хабар гIуцIизе, с.гь.ж.пр.гъорлъ ккезарун | | | 29.11 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 25 | Калам цебетIезаби. Сочинение **«XXI гIасруялъул гIолилал»** | Мисалалъе гьеб темаялда рекъон сочинение цIализе, кумекалъул суалал хIадур гьари. | | | 04.12 | |
| 26 | Союз гьечIеб жубараб предложениялъулъ тире. | ХI. 187 бицун тIубазе, хI. 186 хъвазе. | | §49 предл. ургизе. | 06.12 | |
| 27 | Журарал нахърилълъарал предложениял. | Учителас хIадур гьабила материал (предл.) | | Жур. нахърилълъ. предл. ургъизе. | 11.12 | |
| 28 | Контролияб диктант. | | | | 13.12 | |
| 29 | Нахърилълъиналъул рагIабигун бугеб жубараб нахъбилълъараб предложение. | Учителас предл. хIадур гьабила | Правление, рагIи, гьарзаго, кор | §50 хI. 188 | 18.12 | |
| 30 | Нахърилълъиналъул рагIабигун бугеб жубараб нахъбилълъараб предложение. | Лъимал жалго жидедаго чIун хIалтIизе материал хIадур гьабила. | | | 20.12 | |
| 31 III ч. | Нахърилълъиналъул рагIабигун бугеб жубараб нахъбилълъараб | | | | 25.12 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | предложениялъулъ лъалхъул ишараби. | | | | | |
| 32 | Калам цебетIезаби. Изложение (къокъ гьаб.) «Дир ккараб гьалатI». | Суалал: цIех-рех гьаби, хI.189, 190 хъвазе | Гьоркьоблъи, сахаватго. | §51 хI. 191 | 27.12 | |
| 33 | Нахърилълъиналъул рагIаби гьечIого журарал нахърилълъарал предложениял. | ХI.192 хъвазе | КIаркьен, самизе, чIап, пахъ, хъиру, гIалах. | § 52 хI. 193. | 10.01 | |
| 34 | Подлежащеелъун тIаджубараб предложение. | ХI. 194(хIалтIулъ ругел кицабазе баян кьезе) , 195 хъвазе | | | 15.01 | |
| 35 | Калам цебетIезаби. Подлежащеелъун тIаджурарал предложениял ургъизе. | | | | 17.01 | |
| 36 | БитIараб дополнениелъун тIаджубараб предложение. | ХI. 197, 198 хъвазе | | §54 3 предл.ургъизе. | 22.01 | |
| 37 | Хъвалсараб дополнениелъун тIаджубараб предложение. | ХI. 199 хъвазе | | §55 хI.200 | 24.01 | |
| 38 | Хъвалсараб дополнениелъун тIаджубараб предложение. | ХI. 201, 202 хъвазе | | §55 хI.202 | 29.01 | |
| 39 | Калам цебетIезаби. Сочинение «ТIабигIатги инсанги». | Мисалалъе гьеб темаялда рекъон сочинение цIализе, кумекалъул суалал хIадур гьари. | | | 31.01 | |
| 40 | Определениелъун тIаджубараб предложение. | ХI. 203 бицун тIубазе, хI.204 хъвазе | Кьерилал, гьоцI, шигIру, нохъо | §56 | 05.02 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 41 | Определениелъун тIаджубараб предложение. | XI.205, 206 хъвазе | | §56 хI. 205 | 07.02 | |
| 42 | Диктант (грамм. тIадкъ.) | | | | 12.02 | |
| 43 | ХIаллъун тIаджураралгун ругел журарал нахърилъларал предложениял. Ишалъул куцлъун тIаджубараб предложение. | XI. 207, 208 хъвазе | ЧIимих, палихъан, нилъу, гьанкIезе. | §57 | 14.02 | |
| 44 | БакIлъун тIаджубараб предложение. | XI. 209, 210 хъвазе | Ахбазан, гIарада, гулла, гьорчо, хьуцI, буругъ | §58 | 19.02 | |
| 45 | БакIлъун тIаджубараб предложение. | XI. 211, 212 хъвазе | чадир | §58 | 21.02 | |
| 46 | Калам цебетIезаби. БакIлъун тIаджурарал предложениялгун росдал гIумруялдасан хабар гIуцIизе. | XI. 213 хъвазе | | | 26.02 | |
| 47 | Контролияб диктант. | | | | 28.02 | |
| 48 | Заманлъун тIаджубараб предложение. | XI. 214, 215 хъвазе | айгъир | §59 | 05.03 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 49 | Заманлъун тIаджубараб предложение. Тест. | XI. 216 хъвазе | | §59 | 07.03 | |
| 50 IVч. | ГIилла-мурадлъун тIаджубараб предложение. | XI. 217, 218 хъвазе | Мегъ, бо, адъютант, маҗлис, хIурият, угьизин, панаяб хIухьел, алфазал. | §60 | 12.03 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 51 | Калам цебетӀезаби. Публицистияб стилалъул пикру загьир гьабиялъул цӀалул пайдаялъул хӀакъалъулъ сочинение. | | | | 14.03 | |
| 52 | ШартӀияб тӀаджубараб предложение. | XI. 219, 220 хъвазе | Щелбетал, лемаг | §61 | 19.03 | |
| 53 | Уступительнияб тӀаджубараб предложение. | XI. 221, 223 хъвазе | ГӀурцӀма, магь, кӀиборлъизе | §62 | 21.03 | |
| 54 | Уступительнияб тӀаджубараб предложение. | Предложениял ургъизе | | §62 | 02.04 | |
| 55 | Диктант (грамм. тӀадкъ.) | | | | 04.04 | |
| 56 | Цо чанго тӀаджубарабгун бугеб жубараб нахъбилълъараб предложение. | XI. 224 хъвазе | шавкъ | | 09.04 | |
| 57 | Цо чанго тӀаджубарабгун бугеб жубараб нахъбилълъараб предложение. | XI. 225 хъвазе | | | 11.04 | |
| 58 | Калам цебетӀезаби. Изложение **«Кубачияй».** | | | | 16.04 | |
| 59 | Монолог, эпилог, пролог. | | | | 18.04 | |
| 60 | Журарал предложениязул синтаксияб разбор. | XI. 231 хъвазе | | XI. 231 лъугӀизабизе | 23.04 | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 61 | Халкъалъул гIумруялъул мацIалъул кIвар, чIечIого цебетIолеб лъугьа-бахъин хIисабалда мацI. | Доклад цIалила | Хъабало., гIаба, дулагъал, мискъал, вакъия, гелавка, гужгат. | | 25.04 |
| 62 | Контролияб диктант. | | | | 30.04 |
| 63 | Авар мацI ва гьелъул диалектал. | Доклад цIалила | | 06.05 | |
| 64 | Такрар гьаби. | ХI. 227, 228 хъвазе | ришват | 14.05 | |
| 65 | Такрар гьаби. | ХI. 230, 232 хъвазе | Рохъо, коло, хIерч,тIокъо, хух | 16.05 | |
| 66 | **Тест.** | | | 18.05 | |
| 67 | Такрар гьаби. | | | 21.05 | |
| 68 | Такрар гьаби. | | | 23.05 | |

## Лъаялъул ва бажариялъул рахъалъ IX классалъул цIалдохъабазда цере лъолел аслиял тIалабал.

**ЦIалдохъабазда лъазе ккола:**

- эркенлъиялъе гIоло гьабураб магIарулазул къеркьеялъулги адабияталъулги хурхен чIезабизе;
- лъазарурал асаразда жаниб тарихиял хаслъаби ратизе;
- лъазарурал асаразул копозиция, сюжет ва сипатал гIуцIараб тартиб;
- лъазарурал асаразул аслиял багьадуразул гIамал-хасияталъул гIаммаб кIваралъул бицине;
- лъазарурал асаразул жанралъулал хаслъаби ратизе;
- критикиял макъалабазда лъазарурал асаразе къимат кьезе;
- программаялда рекIехъе лъазаризе рихьизарурал текстал;



**ЦIалдохъабазда бажаризе ккола:**

- хъвадарухъанас рагIудалъун гIуцIарал художествиял сипатал церечIезаризе;
- асаралъ рорхулел аслиял суалал ратизе;
- лъазабулеб асаралда жаниб сюжеталъул, композициялъул, багьадуразул сипатазул ва сипатияб каламалъул кIвар рагьизе;
- художествиял асарал пасихIго цIализе;
- Бицунебги хъвалебги жиндирго кIалъаялъул план гIуцIизе;
- цIалараб тIехьалъе, бихьараб киноялъе, балагьараб спектаклалъе къимат кьун, рецензия хъвазе.

I

- хъвадарухъанас рагIудалъун гIуцIарал художествиял сипат-суратал церечIезаризе;
- идеябгун художествияб хаслъиги хIисабалде босун, асаралъул тайпа чIезабизе (эпосиябищ, лирикайищ, драмайищ гьеб ккolебали);
- асаралъ рорхулел аслиял суалал ратизе;
- малъараб асаралда жаниб сюжеталъул, гIуцIиялъул, героязул образазул ва сипатияб каламалъул идеябгун художествияб кIвар рагьизе;
- асаралъул идеяб магIна рагьиде героясул бугеб кIвар ва авторас гьесие кьолеб къимат батизе;
- асаралъул ва гьелъул героязул хIакъалъулъ лъугьараб жиндирго пикру кьучIаблъун гьабизе;

| | Дарсил тема | Дарсида гьабулеб хIалтIул система | Словарияб хIалтIи | р/хI | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Миллияб адабияталъул халкъалъул гIумруялда хурхи. | Учителас хIадур гьабураб материал цIали | | | 07.09 | |
| 2 | Расул ХIамзатов.<br>«Дир ракI мугIрузда буго». | Р. ХIамзатовасул гIумру ва тв-во.<br>I-VII б. цIализе. | Шагьра, саринал, чIалгIен, тIалъи,чагьир, магь, хили. | ЦIализе. Гьум. 3-21.<br>Р. ХI. тв-л хIакъ-лъ доклад хIадур гьаби. | 09.09 | |
| 3 | «Дир ракI мугIрузда буго». | КочIол тема, идея бати, анализ гьаби. | КъатIра, бидурихьалъ, михир, назму, поручик. | Кесек рекIехъе лъазаби. | 12.09 | |
| 4 | **Калам цебетIезаби.**<br>**Сочинение «ТIадегIанаб цIва».** | План гIуцIизе | | | 14.09 | |
| 5 | **«Дир Дагъистан»**<br>«МацI». | ЦIализе, мацIил хIакъалъулъ кучIдул, кицаби цIализе. | ГIакIа, квелъ бахъун | Бицине. | 21.09 | |
| 6 | **«Дир Дагъистан»**<br>«Хъвадарухъанасул захIмат, ритIухълъи, лебаллъи». | ЦIализе. | Мегь, чIаразе, ритIухълъи, намус | Гьум. 30-41, бицине. | 23.09 | |
| 7 | **«Дир Дагъистан»**<br>«Сундаса мун данде гьабун бугеб, Дагъистан?»,«Гьаб улкаялда чи вижараб куц».<br>**А/т.** Поэмаялъул хIакъалъулъ баян жеги гIатIид гьаби. | ЦIализе. | Язихъав, хIужизабун | Гьум. 41-44, бицине. | 28.09 | |
| 8 | «Эбелалде». | КечI цIализе, кочIол тема, пикру рагьизе. | Сурмиял накIкIал, пири | Эбелалъул хIакъ-лъ соч. хъвазе, кечI цIализе. | 30.09 | |
| 9 | «Авар мацI». | КечI цIализе. | ТIарамагьадисеб, къанщизе, чабхил кIкIалал | КечI насихIго цIализе, суалазде хIадурлъизе. | 03.10 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 10 | «Милъиршаби».<br>А/т. Пейзажияб лирикаялъул хIакъалъулъ баян гъварид гъаби. | КечI цIализе. КочIол пикру рагъизе, дандекквеял ратизе. | ГIанчIай яс, кваркъабазул сукIи, тIикъва, рущизе | КечI пасихIго цIализе. | 06.10 | |
| 11 | **Класстун къватIисеб цIали.**<br>**Дарс-къец, бищун лъикI ХIамзатовасул кучIдул цIалулезул.** | | | | 10.10 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 12 | ГIабдулмажид Хачалов.<br>«Хваразул цIаралдаса». | Авторасул гIумру ва тв-во. I бутIа цIализе. | Балъголъи, чIолорхъо, гIишкъул кучIдул, рогьо, насихIат,нилъу, хьуцI, | Гъум. 55-58.<br>Реферат «Совет Союзалъул бахIарчи» (Дагъ.) | 13.10 | |
| 13 | «Хваразул цIаралдаса». | II бутIа цIализе. | | Кесек рекIехъе лъазабизе. | 17.10 | |
| 14 | «Хваразул цIаралдаса». | III бутIа цIализе.<br>КI.В. рагъда хваразул тарих | Бетоналъул кичI, недегълъи, мустахIикълъи, таваккал, ирс, нигIмат, кар | Гъум. 58-62.<br>Суалазде хIадур. Доклад хIадур гъабизе. | 20.10 | |
| 15 | **Калам цебетIезаби.**<br>**Доклад хIадур гъаби, КIудияб ВатIанияб рагъда хварал дагъистаниязул хIакъ-лъ.** | | | | 24.10 | |
| 16 | **Класстун къватIисеб цIали.**<br>**ЦI. ХIамзат «Рагъда дандчIвай»** | | | | 27.10 | |
| 17 | Муса МухIамадов<br>«Манарша». | Авторасул тв-во.<br>I бетIер I-III бутIа цIализе. | Мегъ, полох, тIипало, расалъи, гъванцIи, толохIоч, буртина, къебелъул рач, гъецIо, хъитI гIачIар | Бицине. | 07.11 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 18 | «Манарша». | IV-VIII бут1а цIализе. | | Бицине. | 10.11 | |
| 19 | «Манарша». | II бетIер цIализе. | | Бицине. | 14.11 | |
| 20 | «Манарша». | III бетIер I-VI бутIа цIализе. | | Бицине. | 17.11 | |
| 21 | «Манарша». | VII-IX бутIа цIализе. | | Бицине.ГIадатаб анализалде хIадурлъизе. | 21.11 | |
| 22 | **Калам цебетIезаби.** **Сочинение. ПатIиматил, ХIайдарил, Манаршал образ.** | | | | 24.11 | |
| 23 | ХIажи Гъазимирзаев «Васасде». | Хъвадарухъанасул творчество. КочIол мисалияб цIали бихъизаби. | Зваргъи, жиржидизе, ахIмакъ, тIимугъ, асс | РекIехъе лъазабизе. | 28.11 | |
| 24 | «Гъудуласде», «Лъалхъуге, дир барти». | КучIдузул мисалияб цIали бихъизаби. Аслияб тема бати. | ТIирмида, пандур, анищ, хIасрат, чIва. | КIучIдул цIализе. | 01.12 | |
| 25 | **Класстун къватIисеб цIали.** **Ф. ГIалиева «Гъалайчи».** | | | | 04.12 | |
| 26 | Машидат Гъайирбекова «Эбелалъул ракI». | Хъвадарухъаналъул творчество. КочIол мисалияб цIали бихъизаби. | Мукъсанлъула, гъварилъи, гIатIилъи | РекIехъе лъазабизе. | 08.12 | |
| 27 | «Эбелалъул кечI», «КочIолъ батана дир рухI», «Поэтал», «Гъал хIикматал макъаби». | КучIдузул мисалияб цIали бихъизаби. | Туруц | ЦIализе, тема ва пикру рагъизе. | 12.12 | |
| 28 | **Калам цебетIезаби.** **Сочинение «Эбел».** | | | | 15.12 | |
| 29 | Фазу ГIалиева «Кини». | Поэтессал творчество. Хабар цIализе. | | Гъум. 123-127 бицине. | 19.12 | |
| 30 | «Кини». | Хабар цIализе. | Синкъи, гагу, ургал | Гъум. 127-132 бицине. | 22.12 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 31 | «Кини».<br>**А/т.** Художествияб адабияталъул баян гІатІид гьаби. | Анализ гьаби | | Гьум 129. …Ана соналги лъугІана рагъги…» гьеб обзац рекІехъе лъазабизе. | 26.12 | |
| 32 | **Калам цебетІезаби.**<br>**«Кини» абураб хабаралъул план гІуцІи.** | | | | 09.01 | |
| 33 | ГІабасил МухІамад<br>«Саба-Меседо». | Хъвадарухъанасул гІумру ва творчество. I-II пардав цІали. | Лагъ, тах | Ролазде бикьун цІализе. | 12.01 | |
| 34 | «Саба-Меседо». | III-IV пардав цІализе. | | Ролазде бикьун цІализе. | 16.01 | |
| 35 | «Саба-Меседо».<br>Адабияталъул теория.<br>Драматургиял асаразул хІакъалъулъ баян гьварид гьаби. | V-VI пардав цІализе.<br>Анализ гьаби, аслияб багьадуразул образ рагьи. | | Ролазде бикьун цІализе. | 19.01 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 36 | **Калам цебетІезаби.**<br>**Сочинение «Саба-Меседо» абураб пьесаялдаса Сабал, Баланурил, Булачил, Аракол образ.** | | | | 23.01 | |
| 37 | ГІумархІажи Шахтаманов<br>«Къаралазул гІор». | Хъвадарухъанасул гІумру ва творчество. КечІ цІали. | ТІарада, хІасратаб | Рек1ехъе лъазабизе.<br>Гьум. 193. | 26.01 | |
| 38 | «РачІа, гьудулзаби», «ГІандадерил гІор», «ГІакъилзабазул дандчІвай». | КучІдузул мисалияб цІали бихьизаби.<br>Шахтомановасул лирикаялъул хІакъа -лъулъ баян. Гьелъул философия, хаслъи. | ЧІабар, янгъиз, тІикъва, гьорчо, михир, симсал, къамуш,васвасал, кор, къап, сирт,сси | Гьум. 194-199 цІализе. | 30.01 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 39 | Класстун къватIисеб цIали<br>**ГIабасил МухIамад «Камалил Башир».** | | | | 02.02 | |
| 40 | ГIарип Расулов<br>«Хазина». | Хъвадарухъанасул биография.<br>I-II-III б. цIализе. | | Гъум. 200-204 бицине. | 06.02 | |
| 41 | «Хазина». | IV-V б. цIализе. | Къисмат, гъира-шавкъ | Гъум. 204-208 бицине. | 09.02 | |
| 42 | «Хазина». | VI-VII б. цIализе. | | Гъум. 208-212 биц.. | 13.02 | |
| 43 | Класстун къватIисеб цIали<br>**ГIабдулмажид Хачалов «Чадил хIакъалъулъ рагIи».** | | | | 16.02 | |
| 44 | Багъатар<br>«ЦIадакъа бахчулеб дир чанил бурутI». | Хъвадарухъанасул гIумру ва творчество.<br>I- II б. цIализе. | Чанил бурутI | Бицине. | 20.02 | |
| 45 | «ЦIадакъа бахчулеб дир чанил бурутI». | III-IV б. цIализе. | Диссертация | Бицине. | 23.02 | |
| 46 | «ЦIадакъа бахчулеб дир чанил бурутI». | V-VI б. цIализе. | | Бицине. | 27.02 | |
| 47 | Класстун къватIисеб цIали<br>**Багъатар «Чадил кесек».** | | | | 02.03 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 48 | «Севералда бугеб дир милъиршо». | I-IV б. цIализе. | | I-IV б. бицине. | 06.03 | |
| 49 | «Севералда бугеб дир милъиршо». | Къисаялъул аслиял багъадурал, гьезул сипатал. | | Суалазде хIадурлъизе. | 09.03 | |
| 50 | МухIамад АхIмадов<br>«Дие бокьун буго». | ШагIирасул гIумру ва тв-во, кучIдузул мисалияб цIали. | | РекIехъе лъазабизе. | 13.03 | |
| 51 | «ЧIужугIадан». | КучIдул цIализе. Тема, пикру рагьизе. | | ЦIализе. | 16.03 | |
| 52 | Калам цебетIезаби.<br>**Сочинение «Дие вокьулев** | | | | 20.03 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | **хъвадарухъан».** | | | | | |
| 53 | *Хизгил Авшалумов*<br>*«Дир мадугьал – дир тушман».* | *Хъвадарухъанасул гІумру ва тв-во.*<br>*Хабар цІализе.* | | *Бицине.* | 23.03 | |
| 54 | *«Дир мадугьал – дир тушман».*<br>***А/т.*** *Сатираялъул ва юморалъул хІакъалъулъ баян гІатІид гьаби.* | *Хабаралъул анализ гьабизе.* | | *Бицине.* | 03.04 | |
| 55 | *Нурадин Юсупов*<br>*«Гъавураб къо».* | *ШагІирасул гІумруялъул хІакъалъулъ къокъаб баян. I-II бутІа цІалила.* | *МоцІу* | *ЦІализе.* | 06.04 | |
| 56 | *«Гъавураб къо».* | *III-IV бутІа цІалила.* | | *ЦІализе.* | 10.04 | |
| 57 | *Феликс Бахшиев*<br>*«Минаялда тІад бомба».* | *Хъвадарухъанасул биография.*<br>*ЦІализе.* | | *ЦІализе.* | 13.04 | |
| 58 | *«Минаялда тІад бомба».* | *ЦІализе.* | | *ЦІализе.* | 17.04 | |
| 59 | ***Класстун къватІисеб цІали***<br>***ГІабдула Даганов «Эбелги, дунги, кечІги».*** | | | | 20.04 | |
| 60 | *АхІмадхан Абубакаров*<br>*«Даргиязул ясал».* | *Авторасул биография.*<br>*Гьум. 280-284 цІализе.* | *Бегавул, таптарал, гІажизаб, къамартІаб, маржанал* | *Авторасул тв – л хІакъалъулъ доклад хІадур гьабизе. Бицине.* | 24.04 | |
| 61 | *«Даргиязул ясал».* | *Гьум. 285-2890 цІализе.* | | *Бицине.* | 27.04 | |
| 62 | *«Даргиязул ясал».* | *II бетІер цІализе.* | *ТІощел, икъбал,* | *Бицине.* | 04.05 | |
| 63 | *«Даргиязул ясал».* | *Гьум. 296-300 цІализе.* | *Щоб, расалъи, гІарщ, гІерекъ, игІлан, гІари* | *Бицине.* | 11.05 | |
| 64 | *«Даргиязул ясал».* | *Гьум. 301-306 цІализе.* | *Михир, богорукъ, чагъир* | *Бицине.* | 15.05 | |
| 65 | *«Даргиязул ясал».* | *Къисаялъул анализ гьаби, аслияв багьадуразул образал.* | | *Сочинение аслияв багьадуразул образал.* | 18.05 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 66 | Ибрагьим ХIусейнов «БахIарчиясул ругънал». | Авторасул гIумру ва тв – во. КучIдузул мисалияб цIали бихьизабизе. | Ихх, къущби | ЦIализе. | 22.05 | |
| 67 | АхIмад Жачаев «ГъотIоркIо», «ГъитIинав чанахъан». | Авторасул гIумру ва тв – во. КучIдузул мисалияб цIали бихьизабизе. | | ЦIализе. | 24.05 | |

ДОКУМЕНТ ПОДПИСАН
ЭЛЕКТРОННОЙ ПОДПИСЬЮ

СВЕДЕНИЯ О СЕРТИФИКАТЕ ЭП

Сертификат 603332450510203670830559428146817986133868575785

Владелец Омаров Халид Насрулаевич

Действителен С 31.03.2021 по 31.03.2022